

APLIKASYON POU TIRAJ-OSÒ LOJMAN KI PA CHÈ

Avètisman:

Nou chwazi aplikasyon yo owaza nan yon tiraj-osò epi nou bay yon nimewo rejis. Selon kantite aplikasyon nou resevwa, li ka pa posib pou nou travay sou tout. Poutèt sa, li posib pou ou ka pa resevwa yon repons. Nou ankouraje w aplike sou entènèt nan housingconnect.nyc.gov pou ou kapab suiv pi byen nan ki pwen aplikasyon ou rive. **Ou ka pa kalifye si nou resevwa plis pase yon sèl aplikasyon pou ou oswa moun nan fanmi pwòch ou pou chak tiraj-osò sa a.**

Voye aplikasyon ou fin ranpli an pa lapòs bay:

CYPRESS AVENUE APARTMENTS
PO BOX 440
WADING RIVER, NY 11792

SA POU FÈ

- ✓ Soumèt yon sèl aplikasyon pou chak kay (Chwazi sèlman yon sèl chwa: papye oswa aplikasyon sou entènèt)
- ✓ Ranpli tout seksyon yo
- ✓ Voye pa kourye lapòs estanda sèlman
- ✓ Voye li pa lapòs anvan dat limit aplikasyon an

SA POU PA FÈ

- ✗ Pa soumèt plizyè aplikasyon pou chak moun oswa kay
- ✗ Pa sèvi ak korektè oswa likid blan pou efase nenpòt bagay sou aplikasyon an.
- ✗ Pa sèvi ak kourye sètifye, resi retou, oswa nenpòt lòt metòd ki mande yon konfirmasyon siyati.
- ✗ Peye nenpòt moun nan koneksyon avèk preparasyon pou depoze aplikasyon sa a



Kesyon Moun Poze Souvan

1. Kisa yon nimewo rejis ye?

Yon nimewo rejis se yon nimewo yo bay owaza pou tout aplikasyon nou resevwa ki pa gen anyen ki manke. Nimewo rejis la reprezante nan ki plas aplikasyon an ye nan lis la. Lè seleksyon rezidan an kòmanse, ajan maketing nan kòmanse ak nimewo rejis ki pi ba yo epi li monte ak nimewo ki pi wo yo pou jwenn aplikan ki kalifye.

2. Èske gen nенpòt kondisyon rezidans?

Moun ki p ap viv nan Vil New York yo kapab aplike; men, n ap bay priyorite pou moun k ap viv nan Vil New York nan moman an. Nenpòt moun ki aplike epi nou finalman apwouve pou ansanm abitasyon sa a dwe kenbe nouvo apatman an kòm sèl adrès prensipal li. Si yo apwouve l pou yon inite lojman ki pa koute chè, moun ki aplike a dwe remèt nенpòt inite kote l ap viv nan moman an. Chak manm nan kay moun ki aplike a ki gen kontra lwaye pwopriyete rezidansyèl imobilye dwe mete fen nan kontra lwaye a ak remèt posesyon pwopriyete lokasyon sa a nan dat li pran lojman nan inite ki pa koute chè a oswa anvan dat sa.

3. Kisa preferans pou aplikasyon yo ye?

Preferans yo ede chwazi epi detèmine aplikan ak kritè ki jis. Moun ki ka kalifye pou yon preferans oswa pou mete yon lojman akote pou yo gen ladan: moun k ap viv nan konsèy kominotè ansanm abitasyon sa a, ak moun ki se anplwaye minisipal Vil New York. Gen yon pousantaj aptman ki rezève pou moun ki gen andikap pou deplase, pou tandem, pou wè.

4. Ki Revni Mwayen Zòn nan (Area Median Income, AMI), epi kijan yo kalkile li?

Revni Medyan Zòn nan se nivo revni medyan an jan kantite moun ki nan kay la modifie li pou zòn estatistik metropolis New York epitou nan Depatman Lojman ak Developman Iben (Department of Housing and Urban Development, HUD) Etazini detèmine sa. Pou wè limit revni aktyèl yo ki baze sou gwo sè fanmi ou, oswa pou plis enfòmasyon, vizite www.hud.gov.

5. Kisa faktè kalifikasyon yo ye?

- a. Kalifikasyon dapre Revni: Tcheke anons tiraj-o-sò a pou wè si ou kalifye selon revni ou. Anons la montre kondisyon pou nivo revni, pou chak kay ak yon sèten kantite moun, pou opòtinite lojman sa a.
- b. Kalifikasyon kòm yon kay: Depatman Konsèvasyon ak Developman Lojman Vil New York (New York City Department of Housing Preservation and Development, HPD) ak Sosyete Developman Ekonomik Vil New York (New York City Economic Development Corporation, HDC) bay opòtinite pou jwenn lojman ki pa chè pou moun apa, fanmi, ak kay ki ka bay prèv yo tout nan kay la depann youn sou lòt finansyèman.
- c. Istwa Kredi
 - Lwayaj: Aplikan pou apatman lokasyon yo ka chwazi pou bay konsantman pou yon verifikasiyon kredi oswa, bay prèv peman konplè lwaye pou tout 12 dènye mwa yo.
 - Posede kay: Ajan maketing ak pretè yo evalye istwa kredi ou pou detèmine si ou kalifye pou yon prè ipotekè prive epi, si ou kalifye, ki kontra ou ka jwenn pou ipotèk la.
- d. Verifikasiyon Kazye Jidisye
- e. Bezwè Kontinye: Moun ki aplike nan pwogram lojman HPD/HDC ki pa koute chè yo dwe montre yo kontinye gen bezwen pou èd lojman dapre yon analiz resous yo ak dènye istorik revni yo.
- f. Pwopriyete ou Posede
 - Opòtinite pou lwe: Moun ki aplike pou inite lwaye yo pa ka posede pwopriyete rezidansyèl, ni aksyon nan yon ko-pwopriyete (co-op) ki nan Vil New York oswa nan sitye nan yon distans ki mwenske san (100) mil pa rapò ak New York City.



- Opòtinite pou achte kay: Okenn manm nan kay aplikan an ka posede, oswa te deja achte, nenpòt ki pwopriyete rezidansyèl, ki gen ladan aksyon nan yon koperatif.
- g. Limit sou Byen: Gen yon limit pou kantite byen yo otorize moun nan kay la genyen antou (aleksepsyon kont epay retrèt ak kont epay pou kolèj ki deziyen pou sa presizeman). Limit sou byen moun nan kay la pou inite lwave yo egal a limit revni maksimòm pou yon kay kat (4) moun nan nivo revni mwayen zòn (AMI) yo mete pou inite a. Pou yon inite posesyon kay, valè byen fanmi moun ki aplike a pa ka depase dènye limit revni HUD pou kat (4) moun pou 175% revni medyan zòn nan (area median income, AMI).

6. Kisa k ap pase si mwen rive nan pwochen etap nan pwosesis sa a?

Si li sanble ou kalifye epi yo fè yon verifikasyon kredi pou ou, ou ka gen yon frè verifikasyon kredi \$20 pou chak aplikasyon. Lè yo bezwen fè yon verifikasyon kredi, ou ka bay pwòp verifikasyon kredi pa ou, epi ou p ap peye anyen, si ou te fè li nan 30 jou oswa pi piti anvan sa. Prepare pou demenaje- si yo apwouve ou, ou ka gen pou demenaje nan novo apatman ou a byen vit. Epitou, ou pral oblige bay premye mwa lwave a ak yon depo garanti menm kantite a.

A. Non ak Adrès

Adrès kote w ap viv kounye a:

(Si w ap viv nan yon abri pou moun ki pa gen kay Vil la ap jere, tanpri mete adres abri a)

Prenon	Inisyal Dezyèm Prenon	Non fanmi
--------	-----------------------	-----------

Nimewo Kay ak Ri	Nimewo Apatman
------------------	----------------

Vil	Eta	Kòd Postal
-----	-----	------------

Èske se yon pwopriyete NYCHA? Wi Non

Si respons la wi, èske non w sou fòm NYCHA pou kay la? Wi Non

Èske se yon abri pou moun ki pa gen kay Vil la ap jere? Wi Non

Si repons la se wi, bay dènye adres pèmanan ou:

Nimewo Bilding (Kay)	Ri	Nimewo Apatman
----------------------	----	----------------

Vil	Eta	Kòd Postal
-----	-----	------------

Pwonon ou yo (li/yo) (si ou vle): _____



Nimewo Telefòn:

Telefòn Selilè

Telefòn Lakay

Telefòn Travay

 Tcheke ti bwat la si adrès postal la **pa menm** ak Adrès Kay kote ou ap viv kounye a**Adrès Postal (si li diferan):**

Nimewo Bilding (Kay)

Ri

Nimewo Apatman

Bwat Postal

Vil

Eta

Kòd Postal

Preferans nan Lang pou Kontak: Nan ki lang ou ta pito resevwa komunikasyon alekri konsènan aplikasyon ou? Tcheke youn. (Si ou pa tcheke yon lang, komunikasyon alekri yo ap ann Anglè.)

- | | | |
|--|--|--|
| <input type="checkbox"/> English | <input type="checkbox"/> Español (Spanish) | <input type="checkbox"/> 简体中文 (Chinese) |
| <input type="checkbox"/> العربية (Arabic) | <input type="checkbox"/> Français (French) | <input type="checkbox"/> Русский (Russian) |
| <input type="checkbox"/> 한국어 (Korean) | <input type="checkbox"/> اردو (Urdu) | <input type="checkbox"/> বাংলা (Bangla) |
| <input type="checkbox"/> Kreyòl Ayisyen (Haitian Creole) | | |

B. Enfòmasyon sou Moun ki nan Kay la

AVI POU LWA KONSÈNAN ENFÒMASYON PRIVE - Lwa Federal 1974 konsènan Enfòmasyon Prive, selon amannman, egzije ajans ki mande Nimewo Sekirite Sosyal yo pou yo fè ou konnen (a) si ou ka konfòme ou poukont ou oswa si ou oblige konfòme ou avèk demann lan, (b) pou kisa yo mande enfòmasyon yo; epi (c) kijan yo pral itilize enfòmasyon yo.

1. Konbyen moun, ansanm ak oumenm, ki pral viv nan apatman w ap aplike pou li a?



2. Bay non **TOUT** moun ki pral viv nan apatman ou aplike pou li a, kòmanse avèk tèt ou ladan epitou bay enfòmasyon ki endike anba la yo.

Identifikasiyon Sèks: Nan seksyon sa a, mete kijan ou idantifye tèt ou (si ou vle). Egzanp: Fi; Gason; Non Binè; elatriye

Andikap: Si moun nan kay la gen yon andikap pou deplase (M), andikap tande (H), oswa andikap zye (V) epi li bezwen yon apatman aksesib/adaptab, **tanpri tcheke ti bwat ki koresponn lan.** Si yo chwazi aplikasyon ou a an pou ale pi lwen, n ap voye yon fòm ba ou nan kourye lapòs epi yon pwofesyonèl medikal pral ranpli li epi retounen li san pèdi tan. Fòm sa a se pou verifye moun lakay ou ou bezwen yon apatman aksesib oswa adaptab. Ou ka itilize fòm sa a pou nenpòt ki lòt aplikasyon pou jiska 12 mwa.

Prenon, Dezyèm Prenon ak Non Fanmi ou, Tit	SSN/TIN (Si ou vle)	Sa Moun nan ye pou moun ki Aplike a	Dat Li Fèt (MM/JJ/AA)	Identifikasiyon Sèks (Si ou vle)	Andikap:		
					M	V	H
		Mwen Menm					

Si ou te koche kaz pou swa andikap mobilite, andikap tande oswa pou wè, èske oumenm oswa yon moun lakay ou bezwen yon aranjman espesyal?

Wi – tanpri endike aranjman oumenm oswa moun nan bezwen an:

Non

3. Èske gen yon moun nan tablo anwo a ki se yon etidyan a tan konplè?

Wi – tanpri sèke non yo anwo a epi ekri non yo anba a:



-
- Nanpwen etidyan a tan konplè nan kay la

C. Revni ak Byen

Nòt: Pa blyie tcheke anons tiraj-o-sò a pou wè si ou kalifye selon revni ou. Anons la montre kondisyon pou nivo revni, pou chak kay ak yon sèten kantite moun, pou opòtinite lojman sa a.

Kesyon 1	
Èske oumenm oswa yon moun lakay ou se yon anplwaye Minisipalite Vil New York, Sosyete Developman Lojman Vil New York (New York City Housing Development Corporation), Sosyete Developman Ekonomik Vil New York (New York City Economic Development Corporation), Administrasyon Lojman Vil New York (New York City Housing Authority), oswa Sosyete Sante ak Lopital Vil New York (New York City Health and Hospitals Corporation)?	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
Si ou reponn "wi", tanpri endike ajans oswa enstitisyon kote oumenm oswa yon moun lakay ou anplwaye.	
Kesyon 2	
Si ou te reponn "wi" pou Kesyon 1 ki endike anwo a, èske ou te gen nenpòt wòl oswa patisipasyon pèsonèl nan nenpòt pwosesis, desizyon oswa apwobasyon konsènan pwopriyete rezidansyèl ki depannde aplikasyon sa a?	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non

Nòt: Si ou te reponn "wi" pou Kesyon 1 ki anwo a, ou ka gen obligasyon pou bay yon deklarasyon patwon ou ki endike aplikasyon sa a pa kreye yon konfli enterè. Si ou te reponn "wi" pou Kesyon nimewo 2 ki anwo a, w ap gen obligasyon pou bay yon deklarasyon patwon ou ki endike aplikasyon sa a pa kreye yon konfli denterè. Yon deklarasyon konsa pa ta obligatwa jouk pita nan pwosesis aplikasyon a, apre nou chwazi ou nan tiraj-osò a, lè ou pral gen obligasyon tou pou bay lòt dokiman pou verifye revni ak si w kalifye.

ANPLWAYE HPD SELMAN: Si ou se yon anplwaye HPD, tanpri li Lòd Manm Komisyon an konsènan konfli denterè epi kontakte Biwo Afè Jiridik (Office of Legal Affairs) Ajans lan si ou resevwa yon demann pou konfime si w kalifye.

1. Revni nan Travay

Nòt: Yon "moun nan kay la" se yon moun ki pral rete nan apatman ki pa chè a.

Pou nenpòt travay ki pa yon travay endepandan, endike konbyen ou fè anvan taks (Revni Brit). Pou travayè endepandan yo, itilize konbyen ou fè apre dediksyon (Revni nèt). Si nou chwazi aplikasyon ou pou nou travay sou li plis, n ap kontakte ou avèk yon lis dokiman w ap bezwen bay.

Ekri tout revni travay konplè ak/oswa a tan pasyèl pou **TOUT** moun ki abite nan kay la, ak tèt ou ladan. Mete salè travay endepandan:

Moun k ap Viv nan Kay la	Non ak Adrès Patwon	Dire Travay la		Montan ou Touche (\$)	Chak kilè? (Egzanp: chak semèn, chak kenzèn, chak mwa, chak ane)	Revni Chak Ane
		Ane	Mwa			
Mwen Menm						

1A. TOTAL REVNI ANYÈL NAN TRAVAY AK TRAVAY ENDEPANDAN (ajoute tout montan ki soti nan kolòn “Revni Anyèl” nan tablo sa a):



2. Revni nan Lòt Sous

Bay lis tout lòt sous revni pou chak moun k ap viv nan kay la, pa egzamp, èd sosyal (ansanm ak alokasyon pou lojman), AFDC, Sekirite Sosyal, SSI, panson, konpansasyon travayè, konpansasyon chomaj, revni nan enterè, travay bebisitè, swen ou bay moun, panson alimantè, sipò timoun, anuite, dividann, revni nan pwopriyete lokasyon, Rezèv Fòs Lame, bousdetid ak/oswa sibvansyon, revni nan kado, elatriye.

Moun k ap Viv nan Kay la	Kalite Revni	Montan ou Touche (\$)	Chak kilè? (Egzanp: chak semèn, chak kenzèn, chak mwa, chak ane)	Revni Chak Ane
Mwen Menm				

2A. TOTAL REVNI ANYÈL KI SOTI NAN LÒT SOUS (ajoute tout montan ki soti nan kolòn “Revni Anyèl” nan tablo sa a):

3. REVNI TOTAL MOUN NAN KAY LA CHAK ANE

Ajoute ansanm kantite lajan revni anyèl total ki soti nan **1A** ak **2A**, pi wo a:

4. Resous

Èske gen resous pou kay sa a? Kèk egzanp resous se kont kouran, kont epay, resous envestisman (aksyon, obligasyon, fon retrèt ou vin genyen, elatriye), byen imobilye, epay lajan kach, pòtfèy envestisman, elatriye.		<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
Si ou reponn "wi," tanpri endike resous yo pou chak moun ki nan kay la:		
Moun k ap Viv nan Kay la	Kalite ResouS OSWA Kont	Bank/Enstitisyon
Mwen Menm		

D. Sibvansyon pou Lwaye

Èske w ap resevwa yon Koupon Lojman Seksyon 8 (Section 8 Housing Voucher) oswa yon Sètifikasi, nan moman an, oswa nenpòt lòt fòm èd nan lwaye? Tanpri tcheke ti bwat apwopriye a adwat. Egzanp pou lòt sibvansyon/sètifikasi pou lokasyon gen ladan CITYFHEPS, NHTD (Medicaid Waiver), Sèvis ak Sipò Endividiyèl (ISS), ak VASH. (Enfòmasyon sa yo p ap afekte pwosesis aplikasyon an.) Revni minimòm ki endike a ka pa aplike pou aplikan ki gen Seksyon 8 oswa lòt sibvansyon lwaye ki admisib.	<input type="checkbox"/> Non <input type="checkbox"/> Wi – Koupon Seksyon 8 HPD <input type="checkbox"/> Wi – Koupon Seksyon 8 NYCHA <input type="checkbox"/> Wi – Lòt Sibvansyon/ Sètifikasi pou Lwaye:
--	--

E. Gwoup Etnik

Enfòmasyon sa yo pa obligatwa epi yo p ap afekte pwosesis aplikasyon an. Tanpri kache kaz pou gwoup (yo) ki pi byen idantifye moun lakay ou:		
	Ispanik oswa Latino	Ispanik oswa Latino
	Chwazi pa reponn	



F. Ras

Enfòmasyon sa yo pa obligatwa epi yo p ap afekte pwosesis aplikasyon an. Tanpri kache kaz pou gwoup (yo) ki pi byen idantifye moun lakay ou:

Blan	Nwa oswa Afriken-Ameriken
Azyatik	Natifnatal Hawaii oswa Lòt moun ki fèt nan Zile Pasifik
Endyen Ameriken oswa Natifnatal Alaska	Chwazi pa reponn
Lòt:	

G. Chwa Lojman - Lojman pou re-lwe oswa re-vann

Lè yon apatman abòdab vin disponib nan yon pwopriyete rezidansyè ki nan pam anpil pwopriyete rezidansyè ki nan Vil New York, y ap chwazi yon ti kantite moun ki itilize Housing Connect ki enterese epi ki kalifye owaza pou opòtinite pou aplike pou apatman sa a.

W ap sèlman gen chans pou yo chwazi ou owaza pou lojman y ap re-lwa oswa re-vann si ou endike ou enterese nan sa. Epitou, ou pral sèlman gen chans pou yo chwazi ou si kantite moun nan kay ou ak revni nou koresponn ak kondisyon pou apatman an.

1. Èske ou ta enterese benefisyé opòtinite pou lojman abòdab pi devan pou lojman ki nan yon biling diferan ki vin lib pou re-lwe oswa re-vann? Wi Non

→ Si ou tcheke wi, **Kontinye** seksyon sa a (G). Si se **non**, ale nan Seksyon H (Siyati).

Ou ta renmen yo konsidere ou sèlman pou lojman pou re-lwe/re-vann pou inite lojman ki gen yon gwosè, yon adrès, aksesibilite, ak/oswa règ pou bèt ki byen presi, make chwa yo anba a. Sa ap limite kalite inite ou ka chwazi owaza pou aplike. Nou ankouraje w pa limite chwa w yo, epi sèlman fè chwa espesifik anba a si sa nesesè.

2. Tanpri reponn kesyon sa yo sou enterè ou pou lojman pou re-lwe ak re-vann pi devan.

- a. Ki gwosè lojman pou re-lwe oswa re-vann ki enterese w, selon kantite moun ki lakay ou? Tcheke tout sa ki aplike.

Tout gwosè ki koresponn ak revni mwen	3 Chanm akouche
Estidyo	4 Chanm akouche
1 Chanm akouche	5 Chanm akouche
2 Chanm akouche	6 Chanm akouche

- b. Nan ki minisipalite ou ta renmen viv? Tcheke tout sa ki aplike.

	Tout minisipalite ak katye yo	Brooklyn
	Manhattan	Queens
	Bronx	Staten Island

- c. Èske w enterese **sèlman** nan sèten katye nan minispalite yo ou tcheke anwo a? Si se wi, ekri katye yo isit la:
-

- d. Èske ou **sèlman** enterese nan apatman ki nan yon biling ki gen asansè ak/oswa ki nan premye etaj la?

- Wi, se sèlman apatman nan yon biling ki gen asansè oswa nan premye etaj la
 Non, mwen pa gen pwoblèm ak mach eskalye

- e. Èske ou **sèlman** enterese nan biling ki gen antre plat ak/oswa ranp ki aksesib pou chèz woulant?

- Wi, se sèlman biling ki gen yon antre plat oswa ranp
 Non, mwen pa gen pwoblèm ak biling ki gen eskalye pou antre

- f. Èske ou dakò pou viv nan yon biling ki gen yon règ pou pa gen bét kay?

Sa pa gen lan bét sipò emosyonèl oswa bét sèvis.

- Wi, mwen ka viv nan yon biling ki gen yon règ pou pa gen bét kay?
 Non, biling lan dwe pèmèt bét kay

H. Siyati (obligatwa pou tout moun ki nan kay la ki gen 18 tan ak plis)

MWEN (NOU) BAY DEKLARASYON KI ENDIKE NAN APLIKASYON SA SE APLIKASYON KI VRÈ AK KONPLÈ DAPRE TOUT SA MWEN (NOU) KONNEN. Mwen (nou) pa t ni retire, ni falsifye, ni bay okenn enfòmasyon ki fo. Mwen (Nou) rekonèt aklè Depatman Ankèt Vil New York [New York City Department of Investigation (DOI)], yon ajans lapolis endepandan ki ka fè ankèt sou posib fwod nan pwogram Minisipalite Vil la finanse, ka revize nenpòt ak tout enfòmasyon mwen (nou) bay pandan pwosesis aplikasyon sa a. Mwen (nou) rekonèt kèk nan konsekans ki genyen pou si mwen (nou) bay fo enfòmasyon oswa pou si mwen (nou) fè espre pou bay enfòmasyon ki pa konplè pou mwen (nou) kapab kalifye pou pwogram sa a se diskalifikasyon aplikasyon mwen (nou), rezilyasyon kontra Iwaye mwen (nou) (si yo vin dekouvi sa), epitou yo kapab voye dosye mwen (nou) ba otorite konpetan pou yo ka pousswiv mwen (nou) nan lajistis kòm kriminèl.

MWEN (NOU) DEKLARE NI MWEN (NOU), NI OKENN MANM FANMI PWÒCH MWEN (NOU), P AP TRAVAY POU PWOPRIYETÈ BILDING NAN OSWA POU REPREZANTAN PRENSIPAL LI YO.

Siyati

Dat



Siyati

Dat

Siyati

Dat

Siyati

Dat

Siyati

Dat

